**दिन—बुधवार** **दिनांक—03.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

केंद्र सरकार बिहार मे एनएच—एकतीस आ एनएच—दू सय एकतीस केर खगड़िया—पूर्णिया खंड कैँ फोर लेन मे उन्नयन कैँ मंजूरी दऽ देलक अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अध्यक्षता मे कैबिनेटक बैसार मे एहि आशय केर प्रस्ताव कैँ मंजूरी देल गेल। बैसारक बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव जनौलनि जे योजनाक तहत एक सय चौवालीस किलोमीटर लंबा सड़कक अपग्रेडेशन कयल जायत। एहि पर तीन हजार नओ सय छत्तीस करोड़ टाकाक लागति आओत। ओ जनौलनि जे प्रोजेक्ट केर हिस्साक रूप मे पूर्णियां शहर मे ग्रीनफील्ड बाईपासक निर्माण कयल जायत।

————————————————————————

ग्रामीण विकास मंत्री राजीव रंजन सिंह आइ नव दिल्लीक भारत मंडपम मे आयोजित कार्यक्रम मे राष्ट्रीय पंचायत पुरस्कार प्रदान कयलनि। देशभरिक बियालीस गोट उत्कृष्ट पंचायत सभ कैँ ग्रामीण विकास, सुशासन, जनभागीदारी, स्वच्छता, डिजिटल सेवा आ सतत विकास लक्ष्यक प्रभावी क्रियान्वयन लेल दू श्रेणी मे ई पुरस्कार प्रदान कयल गेल। सर्वश्रेष्ठ ग्राम पंचायत पुरस्कार श्रेणीक अंतर्गत नानाजी देशमुख सर्वोत्तम पंचायत सतत विकास पुरस्कार सँ रोहतास जिलाक तेलकप पंचायत के पुरस्कृत कयल गेल। एहि श्रेणी मे पंचायत कैँ दोसर स्थान प्राप्त भेल अछि। मुखिया अनिता टोप्पो पुरस्कार ग्रहण कयलीह।

————————————————————————

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे चारिम चरणक शिक्षक नियुक्तिक परीक्षा टीआरई—फोर लेल जुलाई मास मे विज्ञापन प्रकाशित कऽ देल जायत। आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप मे श्री तिवारी जनौलनि जे आब सभ साल जुलाई मास मे विज्ञापन प्रकाशित कयल जायत। आगामी पाँच वर्ष मे एक लाख शिक्षक लोकनिक नियुक्ति कयल जायत। श्री

तिवारी कहलनि जे राज्यक मदरसा आ संस्कृत विद्यालय सभक स्थलीय जाँच कयल जायत। ओ कहलनि जे जाहि विद्यालय सभ मे तय मानकक अनुरूप शिक्षण व्यवस्था नहि पाओल जायत, ओकरा बंद कऽ देल जायत।

———————————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल कहलनि अछि जे राज्यक तेरह जिला मे आयोजित होयबला श्रावणी मेलाक लेल दू करोड़ पच्चीस लाख टाकाक राशि आवंटित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे ई राशि मेला क्षेत्र मे आधारभूत सुविधा सभक सुदृढ़ीकरण आ श्रद्धालु लोकनिक सुविधा लेल खर्च कयल जायत। श्री जायसवाल कहलनि जे राज्य सरकार श्रद्धालु लोकनि कँ नीक सुविधा उपलब्ध करयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि।

———————————————————————————

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई जनौलक अछि जे लगभग चालीस हजार छात्र सफलतापूर्वक पुनर्मूल्यांकन लेल आवेदन जमा कऽ देलक अछि। ई प्रक्रिया बिना कोनहुँ समस्याक पूर्ण कऽ लेल गेल अछि। बोर्ड काल्हि बारहवीं कक्षाक छात्र सभक लेल उत्तर पुस्तिका सभक त्रुटिक सत्यापन आ उत्तर पुनर्मूल्यांकनक लेल ऑनलाइन पोर्टल खोलने छल।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक बिस्फी थाना क्षेत्रक केरवार गाम मे पानि सँ भरल एकटा खादि मे डूबला सँ एकहि परिवारक पाँच गोट बच्चाक मृत्यु भऽ गेल। मृतक सभ मे सगा आ चचेरा भाइ–बहीन शामिल छथि। हमर संवाददाता जनौलनि जे माटि खुनबाक लेल जेसीबी सँ खुनल गेल खादि मे नहेबाक दरमियान ई हादसा भेल। सभ बच्चाक शव बरामद कऽ लेल गेल अछि।

———————————————————————————

भागलपुरक विक्रमशिला सेतुक क्षतिग्रस्त हिस्सा पर निर्मित बेली ब्रिज पर वाहन परिचालनक ट्रायल कयल गेल। परीक्षणक दरमियान अढ़ाइ टन वजनबला चारि पहिया वाहन कँ बीस सँ तीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ चला कऽ पुलक मजगूतिक जाँच कयल गेल। बॉर्डर रोड ऑर्गेनाइजेशन केर अनुसार गाड़ी सभक परिचालन पूर्ण रूप सँ सफल रहल।

———————————————————————————————

पूरा प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कतेको ठामक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस कैँ पार कऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान एकतालीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग भभुआ राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। भागलपुर आ शेखपुराक अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आगामी दू सँ तीन दिनक दरमियान अधिकतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस केर आओर बढ़ोतरी भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————————

युवा, रोजगार आ कौशल विकास विभाग दिस सँ दरभंगा मे काल्हि सँ छओ जून धरि फराक—फराक प्रखंड सभ मे रोजगार मेलाक आयोजन कयल जायत। मेला मे अठारह सँ बियालीस आयु वर्गक अभ्यर्थी भाग लऽ सकैत छथि। एम्हर, खगड़िया मे सेहो काल्हि एक दिवसीय रोजगार मेलाक आयोजन कयल जायत।

———————————————————————————————

सुपौलक जिलाधिकारी सावन कुमार लोक शिकायत निवारण सँ संबंधित मामिला मे लापरवाही बरतबाक आरोप मे निर्मलीक अंचलाधिकारी पर एक हजार टाकाक अर्थदंड लगौलनि अछि।

———————————————————————————————

नेत्रम फाउंडेशन केर तत्वावधान मे छओ आ सात जून कैँ विद्यापति विवाह भवन सभागार, दरभंगा मे दू दिवसीय "अनुगूंज" अखिल भारतीय दृष्टि दिव्यांग सुगम संगीत महोत्सव सह प्रतियोगिताक आयोजन कयल जायत। एहि महोत्सवक उद्देश्य दृष्टि दिव्यांग कलाकार लोकनि कैँ राष्ट्रीय मंच प्रदान करब आ हुनक कला आ प्रतिभा कैँ प्रोत्साहित करब अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल